






**LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK
BAHASA SUNDA KELAS VII
PERTEMUAN KE 7
SMPN 20 BANDUNG**



WASTA :

KELAS :

NO ABSEN :



Wangunan

Iklan atawa sambung layang nyaeta: mangrupa salahsahiji cara pikeun ngawanohkeun (memperkenalkan), nawarkeun (menawarkan), atawa mere informasi ngeunaan hiji barang atawa hal



Jenis iklan

1. Iklan komersial
Nyaeta iklan anu aya patalina jeung kauntungan materil jeung non materil
2. Iklan non komersial
Iklan anu teu aya kauntunganana contona: aya patalina jeung iklan layanan masarakat



Iklan layanan masarakat

Nyaeta iklan anu ditujulkeun ka masarakat bari heunteu miharep kauntungan

Tujuanana:

- a. Maksudna iklan layanan masarakat mah umajak sangkan masarakat migawe pagawean anu hade

- b. Ulah ngalakukeun pagawean anu teu hade

- c. Kahareupna kaayaan balarea bisa leuwih hade



Ciri-ciri iklan layanan masarakat

1. Heunteu ngandung unsur komersial, hartina heunteu ngarah piuntungeun.
2. Euweuh unsur produk, boh barang boh jasa.
3. Anu masang iklan layanan masarakat nya eta yayasan atawa organisasi sosial anu heunteu neangan kauntungan.



4. Mangrupa atikan, anjuran, atawa uar pangajak pikeun ngalakukeun hiji pagawean
5. Miboga target anu leuwih lega ambahanana tibatan iklan komersial.

Hal anu kudu diperhatikeun dina iklan layanan masarakat:



1. Komunikasi

1. Media pikeun nepikeun pesen
2. Alat pikeun mangaruhan balarea
3. Ditepikeun sacara persuasif (uar pangajak saran-saran, jrrd)

Hal anu kudu diperhatikeun dina iklan layanan masarakat:



2. Atikan

1. Ngatik ngadidik masarakat sarta ngaronjatkeun kasadaran masarakat kana hiji perkara.
2. Anu dipiharep bisa ngarobah tingkah laku masarakat.

Hal anu kudu diperhatikeun dina iklan layanan masarakat:



3. Seni

1. Alat pikeun narik perhatian
2. Mangrupa ebrehan ajén-ajén seni

Cara midangkeun iklan layanan masarakat:



Audio

iklan anu ngan kadenge (radio, wawaran, jsb)



Visual


iklan anu ngan katempo (poster, pamflet, baliho, spanduk, buklet, stiker, jsb)



Audio - visual

iklan anu kadenge jeung katingali (iklan dina TV dina internet atawa anu diunggah di youtube).





Pikeun maham eusi pedaran di luhur, pek eusian titik-titik dina kalimah di handap ku kecap-kecap anu tos disayogikeun di handap!

1. Iklan layanan masarakat teh nya eta iklan anu henteu neangan....
2. Anu dipiharep tina iklan layanan masarakat teh nya eta sangkan masarakat....
3. Iklan layanan masarakat teh nya eta alat komunikasi pikeun....
4. Iklan layanan masarakat biasana dijieun ku....
5. Iklan layanan masarakat anu mangrupa audio-visual dipidangeun dina....




Pek ku hidep pasangkeun ku cara tarik garis tina gambar diluyukeun jeung temana!

No

Iklan layanan Masarakat

Tema

1



Kaberesihan
Lingkungan

2



Hirup Hemat

3



Pendidikan

4



Literasi

5



Kasehatan

Wilujeng Midamel.....!!!